


No. Absen:

No	Bab	SOAL	Skor Maks
1	1	Teks kanggo soal nomor 1-5! Segara minangka salah sawiji sumber pengasilane negara. Bab iki, penting. Amarga wis padha ngrasakake menawa sakjrone segara iku akeh banget karuniane Gusti Allah sing kanggo nyukupi kebutuhane manungsa utamane nelayan. Indonesia nduwene wilayah segara sing luwih amba ketimbang wilayah dharatan, mulane negara iki diarani negara maritim. Segara uga nyimpen panguripan kaya dene iwak sing maceme ora kena dietung. Akeh wong sing padha mangan iwak saben dina, kanggo nyukupi kebutuhane protein. Sakliyane iwak, isih akeh isine segara, kayata kerang mutiyara sing dibudidayakna ing wilayah segara sisih wetan, Arafura, Banda lan Maluku. Rumput laut sing digae ager-agar lan bahan kanggo kosmetik. Segara uga nyimpen mineral kayata uyah, wesi, emas, perak lan minyak bumi. Minyak bumi asale teka plankton lan kewan segara sing wis mati ewonan taun, banjur dibor dijukuk minyak e. Minyak bumi asil soko ngebor mau bisa kanggo nyukupi kabutuhan dhewe lan didol menyang negara liya supaya oleh devisa. Mulané bisa diarani menawa segara minangka sumber panguripan kabeh wong. Kaendahane segara lan pesisir ing Indonesia uga nyebabake wong mancanegara padha teka menyang Indonesia. Iki uga bisa nambahi pengasilane negara liwat devisa. Wong sing gaweane nggolek iwak neng laut diarani? a. nelayan b. petani c. guru d. dokter	1
2	1	Ukara ing ngisor iki sing bener manut teks ing nduwur yaiku ... - wilayah segara luwih ciyut timbang dharatan - wilayah segara luwih amba timbang dharatan - wilayah segara luwih cedhak timbang dharatan - wilayah segara luwih adoh timbang dharatan	1
3	1	Iwak iku ngandhut gizi sing jenenge ... a. karbohidrat b. serat c. pati d. protein	1
4	1	Sing dibudidayakake ing segara wilayah wetan iku salah sijine ... a. barus c. kerang mutiyara b. mrica d. pala	1
5	1	Produk segara sing bisa kanggo ager-ager utawa kosmetik yaiku ... a. rumput laut b. minyak bumi c. mutiyara d. iwak	1
6	1	Ibu tindak Trenggalek dinten Minggu. Ukara pitakon saka ukoro andharan ing ndhuwur yaiku ... a. Sapa sing tindak Trenggalek? b. Apa ibu tindak Trenggalek? c. Ing endi Trenggalek? d. Kapan ibu tindak Trenggalek?	1
7	1	Aksara jawa ing ndhuwe macane ...  a. gajah b. pasar c. kacang d. rapat	1
8	2	Ing ngisor iki sing munine pasar sayur yaiku ... a.  b.  c. 	1

		d. 	
9	2	Teks geguritan ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 18-19! Jum'at resik Dina jum'at ing wanci enjing. Suasono tasih katon remeng. Katambah kluruk pitik kang gayeng. Katon siswa SD kang nggrengseng. Wanci sekolah miwiti pasinaon. Katah siswa kang sami pitakon. Jum'at enjing kagem lingkungan kemawon. Kerja bakti resik pasinaon. Naming tekak saiyeg saeka kapti. Yambut gawe bareng kanti senengen ati. Tansah sehat kang dupadi Lingkungan seklolah kang tetep asri Papan panggonan ngendi ing geguritan kasebut ... a. sekolah b. taman c. sawah d. omah	1
10	2	Ing wektu kapan siswa SD resik-resek pasinaon ... a. Setu sore b. Setu isuk c. Jum'at awan d. Jum'at isuk	1
11	3	Kembange lagi (siram) Putri supaya subur. Tembung ing njero kurung iku sing bener yaiku a. Nyirami b. Siraman c. Siramen d. Disirami	1
12	3	Mbak Siti nembe sare wonten kamar Basa ngokone ukara ing dhuwur yaiku a. Mbak Siti lagi mangan ana kamar b. Mbak Siti lagi tata-tata ana kamar c. Mbak Siti lagi turu ana kamar d. Mbak Siti lagi istirahat ana kamar	1
13	3	Simbah gerah waja. Basa ngokone ukara ing ndhuwur yaiku ... a. simbah loro untu b. simbah sakit waja c. simbah loro waja d. simbah gerah untu	1
14	3	Omong-omong antarane wong loro utowo luwih babagan sawijining bab kang ditindakake kanthi langsung, diarani ... a. monolog b. pachelathon c. pawarta d. wara-wara	1
15	3	Basa kang digunaake dening anak marang wong tuwane nalika guneman, yaiku ... a. krama alus b. krama lugu c. ngoko alus d. ngoko lugu	1
16		Basa ngoko iku kaperang dadi loro yaiku ...	1

		a. ngoko alus lan krama inggil c. ngoko alus lan ngoko lugu	b. ngoko lugu lan krama alus d. krama lugu lan ngoko alus	
17		Bapak maos koran wonten teras. Ukara sing dikandeli tegese yiku ... a. mangan b. nulis c. maca d. tuku		
18		Paribasan kebo nusu gudel tegese ... a. wong tuwo njaluk wuruk marang wong enom. b. wong enom njaluk wuruk marang wong tuwo. c. wong enom sopan marang wong tuwo. d. wong tuwo sopan marang wong enom.		
19		Putranipun Yudhistira asmane yaiku Raden Pancawala. Sinonim asmane tegese yaiku ... a. jenenge b. anake c. ramane d. binyunge		
20		 Aksara iki kasebut suku yen diwoco ... a. a b. i c. u d. e		
Isien titik-titik berikut ini dengan kata yang tepat!				
21	1	Wau pak Riyanto mundhut TV enggal. Ukara iku kalebu ...		2
22	1	Pachelaton iku ditindakake dening wong piro? ...		2
23	2	Ibu tindak peken nitih sepeda motor. Tembung peken tegese		2
24	2	Geguritan asalae saka tembung...		2
25	1	Ramane ngandel yen Rukmini juara siji. Tegese ngandel yaiku ...		2
26	4	 . Yen ditulis dadi latin yaiku ...		2
27	3	Basa kang digunaaake dening wong tuwo marang anake yaiku ...		2
28	2	Tembung padha tegese kasebut ...		2
29	3	Unen-unen kang ajeg panganggone, mawa teges entar (kiasan) lan ora ngemu surasa pepindhan, kasebut ...		2
30	3	Ing mburi ukoro pitakon kalimat e ana tanda		2
Jawablah pertanyaan-pertanyaan dibawah ini dengan jawaban yang tepat!				
31	1	Jlentrehna tegese pachelaton!		4
32	1	Tulisen ukara ing ngisor iki nganggo aksara jawa! a. tuku beras		4

		b. maca buku	
33	2	Nggaweo ukoro pitakon sing ngandut ukoro ing ngisor iki! a. sekolah b. sepur	4
34	4	Ukara ing ngisor iki gantien nganggo basa krama lugu! a. Bu guru wes teka ana ing kelas papat. b. Roni arep nguyuh.	4
35	3	Tembung-tembunging njero kurung iki benerake nganggo ater-ater kang trep! a. Bu Jumi (silihi) klambi karo bu Retno. b. Septune Adit (umbah) dewe.	4